

Pou Piblikasyon Imedya: 04/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI Y AP PRAN POU PWOTEJE ELÈV YO PANDAN NOUVÈL ANE LEKÒL LA AP KÒMANSE

Lapolis Eta ap Ogmante Patwouy Toupatou nan Eta a epi yo Fè Patenarya ak AAA pou yo Raple Otomobilis yo pou yo Fè Atansyon a Elèv yo

Yo te Bay Plis Pase 640 Kontravansyon pou Otomobilis k ap Double Bis Lekòl ki Kanpe yo nan Fason Ilegal Pandan Yon Jounen Aplikasyon Lalwa yo te fè an Avril la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Lapolis Eta a pral ogmante patwouy pou pran mezi represiv kont chofè danjere yo epi pwoteje elèv yo pandan nouvel ane lekòl la ap kòmanse. Gouvènè a ankouraje chofè yo pou yo fè atansyon a elèv yo lè y ap mache a pye oswa lè yo sou bekàn pandan yo pral lekòl, respekte lalwa a lè yo kanpe epi tann lè limyè wouj yon bis lekòl ki kanpe ap limen-etèn epi pano kanpe a (stop) afiche. Mezi aplikasyon lalwa ak inisyativ sansibilizasyon sa a sipòte mezi sekirite Gouvènè a ap kontinye mete an plas pou asire pwoteksyon tout elèv New York yo.

"Kèlkeswa mwayen yon timoun itilize pou l al lekòl - si se sou bis lekòl, sou bekàn, sou yon twotinèt, oswa a pye - yo dwe santi yo an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen ankouraje tout chofè pou yo pote kole -- rete an alèt epi respekte règ wout la yo. Y ap fè chofè ki mete lavi timoun yo an danje yo asime responsablite yo."

Anplis de ranfòsman patwouy sa yo, Lapolis Eta a pral fè patenarya ankò ak AAA nan kad kanpay anyèl yo a, "Lekòl Ouvè - Kondui ak Prekosyon" (School's Open - Drive Carefully). Lapolis Eta a pral afiche otokolan ki make "School's Open" AAA a sou tout machin patwouy make yo, kòm yon rapèl anplis pou otomobilis yo prete atansyon a elèv yo.

Komisè Lapolis Eta a, Keith M. Corlett te deklare, "Sekirite sikilasyon se premye priyorite pou ajans nou an. Pandan bis lekòl yo ap retounen sou wout yo epi timoun yo ap mache nan katye nou yo, Manm Patwouy Eta a yo pral ranfòse efò aplikasyon lalwa yo epi ogmante sansibilizasyon chofè yo pou anpeche blesi epi sove lavi. Nou mande tout moun - paran yo, vwazen yo ak otomobilis yo - pou yo travay ansanm ak fòs lapolis yo epi prete atansyon lè yo dèyè volan pou asire tout timoun yo vwayaje an sekirite. Nou vle asire ane lekòl sa pase san danje pou Nouyòkè ki pi piti nou yo".

Mark J.F. Schroeder, ki se Komisè DMV ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC), te deklare, "Pandan nouvel ane lekòl la ap kòmanse, mwen ankouraje tout otomobilis yo pou yo prete atansyon nan lè ak kote timoun yo ka ye pandan yo prale ak retounen sot lekòl. Epi si wè yon bis lekòl kanpe, limyè wouj li yo ap limen-etèn epi li afiche pano 'Stop' la, pa

double l pou okenn rezon. Yon moman enpasyans ka vle di tout yon vi nan doulè pou yon fanmi epi anpil konsekans grav pou ou".

Gouvènè Cuomo te mete elèv yo kòm priyorite epi jis mwa pase a, li te siyen lejislasyon k ap otorize distri lekòl yo enstale kamera nan pano Stop bis yo pou kapte chofè ki double yon bis lekòl ki kanpe nan fason ilegal. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (GTSC) estime ke 50,000 veyikil a motè double bis lekòl yo nan fason ilegal chak jou toupatou nan Eta a.

Mwa me a, plis pase 640 chofè nan tout eta a te resevwa kontravansyon paske yo te double yon bis lekòl ki kanpe nan fason ilegal pandan "Operasyon Arè Sekirite" a (Operation Safe Stop), ki se yon efò aplikasyon lalwa yo te fè pandan yon jou. Lapolis Eta a ak otorite fòs lapolis yo te bay tou 1,991 kontravansyon pou lòt vyolasyon sikilasyon epi yo te arete 74 moun pou enfraksyon tankou kondui anba enfliyans alkòl ak enfraksyon grav kondui yon veyikil a motè san lisans. Efò aplikasyon lalwa sa te gen ladan 702 ofisye lapolis ki soti nan 75 ajans fòs lapolis.

Yo te bay moun ki double bis lekòl ki kanpe yo kontravasyon nan rejyon ki annapre yo:

Rejyon	Kontravansyon yo bay Moun ki Double Bis Lekòl ki Kanpe yo
Rejyon Kapital	13
New York Santral	1
Long Island	25
Mid-Hudson	10
Mohawk Valley	2
Vil New York	571
Southern Tier	1
Rejyon Lwès New York	6
Lapolis Eta New York (Onivo tout Eta a)	17
Total	646

GTSC, Depatman Edikasyon Eta New York la (New York State Education Department), Asosyasyon New York pou Transpò Elèv la (New York Association for Pupil Transportation, NYAPT), Asosyasyon Kontraktè Bis Lekòl Eta New York la (New York State School Bus Contractors Association), endistri transpò elèv la, ak ajans fòs lapolis eta ak lokal yo, sipòte Operasyon Arè Sekirite a.

Chofè yo kondane paske yo double yon bis lekòl ki kanpe ka peye yon amann ant 250 a 400 dola plis senk (5) pwen sou lisans yo pou yon premye vyolasyon. Pou twa vyolasyon pandan twa ane, chofè yo ka peye yon amann maksimòm 1,000 dola, yo ka revoke lisans yo pou sis mwa ominimòm epi yo ka mete yo nan prizon.

Ane pase, Gouvènè Cuomo te siyen yon dekrè egzekitif pou pwoteje plis pase yon milyon timoun lekòl nan Vil New York kont veyikil k ap kouri ak anpil vitès yo. Aksyon Gouvènè a te trase chemen an pou Vil la retabli pwogram kamera pou kapte vitès nan zòn lekòl li a.

Epitou an 2018, Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa pou ranfòse egzijans eta a pou fè tès dwòg ak alkòl owaza pou chofè bis lekòl yo. Lalwa entèdi tou pou chofè bis yo bwè alkòl omwen uitèdtan avan yo kòmanse travay, yon ogmantasyon sou limit sizèdtan ki te la avan.

John Corlett, ki se pòtpawòl AAA Eta New York la, te deklare, "Nou tout bezwen pran plis prekosyon lè n ap kondui pandan lekòl ap reouvri la epi elèv yo ap retounen nan salklas yo apre yon ete ansoleye ki te byen amizan. Chofè yo dwe patikilyèman rete an alèt pou timoun k ap pase ant machin ki estasyon bò lari ki trè frekante yo ak timoun k ap monte oswa desann bis lekòl yo. Vijilans ap jwe yon wòl enpòtan pou asire sekirite tout timoun lekòl yo".

David Christopher, ki se Direktè Egzekitif Asosyasyon New York pou Transpò Elèv la, te deklare, "NYAPT te defann yon lwa an favè kamera nan pano stop bis yo nan Eta New York pandan anpil ane epi nou vrèman kontan paske yo resi adopte lwa a. Nou kwè ke nouvo lwa a pral ede redui pwoblèm serye kote moun ap double bis lekòl ki kanpe yo nan fason ilegal nan Eta nou an. NYAPT te fè sondaj ki estime gen plis pase 50,000 ensidan kote moun double bis lekòl ki kanpe yo nan fason ilegal chak jou lekòl. Chak ensidan kote moun double yo nan fason ilegal kreye yon danje pou elèv nou responsab pou n transpòte ale-vini sot lekòl yo san danje. Nou mande pou otomobilis ki sou wout yo kondui san distraksyon epi pou yo kanpe lè limyè bis lekòl ki kanpe yo ap limen-etèn. Lavi yon timoun depann de li"!

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)